

Chè Pwopriyetè ti biznis Boston yo ak manm nan kominote biznis lokal yo,

Gouvènè a te anonsé nouvo restriksyon ki gen rapò avèk COVID-19, ke yo konnen tou tankou coronavirus, sa ki kapab afekte fonksyonman biznis ou. Depi viris la te premye parèt nan Boston nan dat 1<sup>ye</sup> Fevriye 2020, Biwo Majistra a te konpile mizajou e direktif Sant pou Kontwòl Maladi [Centers for Disease Control (CDC)] pou biznis ak òganizasyon yo. Nou vle pou w rete enfòme epi gen aksè nan tout sa nou konnen sou viris la, kijan pou frennen pwopagasyon an, ak konsekans li pou vil la.

Anplis de resous ak efò yo remake anba, nou ta renmen konekte (atravè apèl konferans) avèk pwopriyetè biznis yo pou tande pèspektiv ak eksperyans ou. Kalandriye a pral gen ladan yon seyans enfòmasyon sou coronavirus ki soti nan Vil la, ki resous ki disponib pou ou, ki te swiv pa tan pou eksprime kesyon, enkyetid, ak sijesyon ou yo.

**Apèl konferans lan pral fèt nan Mèkredi, 18 Mas 2020 nan 4:00 p.m.**

**Konpoze: +1 (614) 664-9433**

**PIN: 799 590 823#**

**Si ou gen tan, tanpri pran yon moman pou ranpli sondaj sa a:**

<https://forms.gle/xahYYZrxUwA3B6TS6>

Apre apèl la fini, yo pral mete ajou nòt ak kesyon yo poze souvan yo nan [boston.gov/econdev](http://boston.gov/econdev). Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Natalia Urtubey nan Biwo Developman Ekonomik Majistra a [natalia.urtubey@boston.gov](mailto:natalia.urtubey@boston.gov) oswa (617) 635-0355.

Ou ka jwenn enfòmasyon ki pi ajou nan Vil Boston lè ou itilize resous sa yo:

- Liy Sante Vil Boston: 617-534-5050
- [boston.gov/coronavirus](http://boston.gov/coronavirus)
- Kont Medya Sosyal pou Majistra Walsh ([@Marty\\_Walsh](https://twitter.com/Marty_Walsh)), Vil Boston ([@CityOfBoston](https://twitter.com/CityOfBoston)), ak Komisyon Sante Piblik Boston ([@HealthyBoston](https://twitter.com/HealthyBoston)).

### **Enfòmasyon ak Gid**

- Nan Dimanch, 15 Mas Majistra Walsh te deklare yon Ijans Sante Piblik nan Vil Boston nan fason pou aktive ak deplwaye tout resous ak pèsonèl ki nesesè pou reponn a bezwen moman an.
- Imedyatman, biznis yo dwe mete restriksyon sou kliyan nan mwens pase 25 moun, sa ki gen ladan anplwaye.
- Konstriksyon ki pa ijans ap sispann apati dat 17 Mas 2020. Konstriksyon lokal yo pral genyen jiska 23 Mas 2020 pou fèmen sit yo komsadwa, sa ki gen ladan pwoteksyon nan van, sekirite, ak tout mezi sekirite ki nesesè.

- Nan Dimanch 15 Mas, **Gouvènè Baker te anonse entèdiksyon pou tout restoran ak ba yo pa bay sèvis chita apati Madi 17 Mas**, sa vle di ke ou ta dwe fonksyone atravè sèvis a-anpòte ak livrezon **SÈLMAN**:
  - Okenn restoran (avèk oswa san yon lisans bwason alkolize), ba klib, klib prive, klib sosyal, oswa lokal divètisman pa kapab nan okenn moman otorize plis pase venn-senk (25) moun nan lokal ki gen lisans lan sa ki gen ladan anplwaye.
  - Okenn etablisman pa kapab sèvi manje oswa bwason alkolize nan lokal la pou konsomasyon. Sa a efektivman vle di yon entèdiksyon konplè sou sèvis alkòl avèk eksepsyon magazen lavant koli andetay.
  - **Etablisman yo ka sèlman sèvi kliyan yo manje atravè anpòte ak livrezon.** Pou nenpòt restoran oswa ba ki sèvi manje, nap siprime règlemantasyon kidonk tout restoran ak ba yo otorize pou founi manje-a-anpòte ak livrezon (Nenpòt restriksyon oswa règlemantasyon ki entèdi pla-a-anpòte leve tanporèman.) *Sa a gen ladan etablisman ki pa gen lisans pou livrezon yo.*
    - **Nou ankouraje w pou itilize sèvis livrezon ak pla-a-anpòte.** Si aktyèlman ou pa itilize yon sèvis livrezon, Biwo Ti Biznis yo anmezi pou ede w. Kontakte 311 pou w ka konekte avèk nou.
    - Etablisman yo kap ofri sèvis livrezon ak pla-a-anpòte yo ka rete ouvè jiska nan èdtan fèmti ki sou lisans yo.
    - Etablisman yo dwe retire oswa ratache tout chèz yo nan lokal ki gen lisans lan.
  - Etablisman yo dwe konfòme avèk règleman distans sosyal CDC yo.
  - Pou kounye a, **jaden byè yo** pa pral fèmen jiskaske kriz sante piblik sa a fini.
- **Nan Mèkredi 11 Mas, Gouvènè Baker te deklare yon eta dijans, ak pibliye yon òdonans ijans ki entèdi pifò rasanjebleman sou plis pase 250 moun nan yon efò pou limite pwopagasyon coronavirus la. Tanpri revize òdonans ijans lan pou w jwenn detay ak eksepsyon pou sèten enstisyon ak sitiysyon.**
- Pou konvenyans ak distribisyon nan òganizasyon ak anplwaye yo, nou te bay fèy enfòmasyon sou COVID-19 an Angle, Panyòl, Chinwa, Vyetnamyen, Pòtigè, ak Kreyòl Ayisyen.
- Ou ka refere tou nan konsèy pou netwayaj BPHC, konsèy sou prevansyon, ak direktiv pou lave men.
- Depatman Sèvis Enspeksyon te pibliye direktiv pou biznis manje nan Vil Boston pou anpeche pwopagasyon COVID-19.
- Anba wap jwenn **Direktiv CDC pou Biznis ak Travay yo** ki asire oumenm ak anplwaye ou yo ap pratike bon mezi pwoteksyon. Pou revize tout direktiv ak resous yo ki soti nan CDC, tanpri vizite sitwèb sa a.

- Mete anfaz sou rete lakay ou lè ou malad, etikèt respiratwa ak ijyèn sou lave men pa tout anplwaye yo;
- Enfòme anplwaye yo anvan ou vwayaje pou pran sèten mezi;
- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn, espesyalman apre ou fin soti nan twalèt; anvan ou manje; ak apre ou fin mouche nen w, touse, oswa etènye;
- Si dlo ak savon pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl;
- Evite manyen zye w, nen, ak bouch avèk men ki pa lave; ak
- Netwaye ak dezenfekte objè ou manyen souvan yo ak sifas yo kap itilize yon espre oswa sèvyèt netwayaj mouye regilye.

Enfòmasyon sou COVID-19 kontinye ap evolye rapidman. Komisyon Sante Piblik Boston kontinye bay mizajou sou [boston.gov/coronavirus](https://boston.gov/coronavirus). Elektè yo ki gen kesyon endividyèl ka rele Liy Sante Vil Boston nan 617-534-5050 (Lendi-Vandredi, 9am-5pm) oswa Boston 311 (24 èdtan pou nenpòt kesyon ki pa ijans). Nou kanpe pare pou sipòte w nan sitiyasyon sa kap evolye rapidman, menm jan ou te sipòte Vil nou an pandan ane yo.

Pran swen tèt ou,

Martin J. Walsh  
Majistra Boston